Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилье,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 38 (6438) 13 июль 2015 с. Итни Рамазан 1436 с. Багьа 5 гъур.



ДИНУЛ ИСЛАМАЛЪУЛ АСАР – РАКIАЗУЛЪ...

## Расуласул (с.гI.в.) суркIа, Равзаялъул ракьги гамачIги, ХIажрул асвадалъул кесек...

### Бакълъулаз зиярат гьабуна Расуласул (с. гI. в.) асарал ругел Гъизляралъул мажгиталде

**2015 сонаалъул 5 июлалда, хирияб рамазан моцIалъ, «Гумбет район» муниципалияб районалъул нухмалъулев МухIамадгIали МухIамадгIалиевгун, районалъул имам ГIабдула-хIажи Закарикаевгун районалъул гIадамаз зияраталде сапар бухьана Гъизляралъул цIияб мажгиталда бугеб МухIаммад аварагасул (с. гI. в.) ва асхIабзабазул асаразде.**

Гьединго зияраталда гIахьаллъана районалъул росабазул нухмалъулел, имамзаби, организациязул нухмалъулел, росабазул вакилзаби ва гIолохъанаб гIел. Зияраталде унел машинабазда чIвана номерал, диниял игIланал, байрахъал. Машинабазул халатаб ирга гьабун щвана Гъизляралъул цIияб мажгиталде. Гьеб Аллагьасул (т. гI. ж.ж.) рокъоре бихьиналги руччабиги батIа-батIаго, хасаб тартибалда, жанире лъугьана. Аварагасул (с. гI. в) асаразде ралагьизе унезул халгьабизе чIезарун рукIана хъаравулзабиги.

Гумбет районалдаса гурелги, цогидал районаздасаги руго ан гьалбал. Мажгиталда жанир лъун руго анцIгоялдасаги цIикIкIун Расуласул (с.гI.в) асарал. Гъизляралде рачIарал асаразда гъорлъ руго МухIаммад аварагасул (с. гI. в) суркIа, Равзаялдаса гамачI ва ракь, КагIбаялъул кIулал, Расулас (с.гI.в.) яс ПатIиматие сайгъат гьабураб кверзул гьобо, ХIажрул асвадалъул кесек, хирияб Къуръан, МухIаммад аварагасул (с.гI. в.) рас, КагIбаялъул кесек...

Гумбет районалъул имамас ва цогидал гIахьаллъараз зияраталда дугIаги гьабуна. Гъизляралъул мажгиталда тIубараб рамазан моцIалъ къабул гьарула гьалбал.

МухIаммад аварагасул (с. гI. в.) ва гьесул асхIабзабазул асаразул баракат щваги Дагъистаналъе ва тIолалго бусурбабазе, Расуласул (с. гI. в.) шапагIат камугеги киналго нилъер динцоязе.

Аллагьас киназулго зиярат къабул гьабун батаги.

**«Гумбет» РИО**




КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

## Почтовый кагътиде керенги чучун...

### Бакълъулазул чапарзаби – халкъалъе хъулухъалда

**12 июлалда кIодо гьабуна гьаб соналъ Россиялъул почтаялъул къо. Жидерго махщалил байрамалда кинал хIасилалгун дандчIвай гьабурабали бицана Шамилхъалаялъул почтамталъул МелъелтIа бухьеналъул отделениялъул нухмалъулей АлхIанат МухIамадовалъ.**

### «Гумбет» казиятги «Азарго гIакълуги»...

- Почалъул отделениялъул хIалтIухъаби жидерго махщалил байрамалде лъикIал хIасилалгун рачIана, - абун баян кьуна АлхIанат МухIамадовалъ. - ЦIикIкIунги тIуразаруна газетазе ва журналазе подписка гьабиялъул, конвертал, маркаби ричиялъул, токалъухъ гIарац босиялъул ва цогидалги планал. ГIадамаз жиде-жидецагоги учреждениязгун гIуцIабазги 2015 соналъул кIиабилеб бащалъиялъе 416 417 гъурущалде газетал ва журналал хъван руго. Бищун цIикIкIун хъвалел басмабилъун лъугьун руго «Гумбет» газета, «Азарго гIакълу» («1000 советов»), «Халкъияв местIер» («Народный лекарь») журнал.

Басмабазе цIикIкIун подписка гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъ, районалъул лъайкьеялъул отделалъ, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъ, централияб библиотекаялъ, районалъул лъималазул библиотекаялъ ва гь. ц.

«Гумбет» газеталъе подписка, кидаго гIадин, 2015 соналдаги лъикI тIобитIана нус-нус газета жидеца хъварал Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъ, МелъелтIа росдал администрациялъ.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Почтовый кагътиде керенги чучун…
-2 гьум.



Бакълъулазул генерал ГIабдусалам ГIабдусаламов
-3 гьум.



ЖамагIаталъ жаваб кьола щивасул рахъалъ
-3 гьум.



Киокусинкаялъул чIегIераб рачлил бетIергьан
-3 гьум.

БЕТӀЕРАВ РЕДАКТОРАСУЛ ПИКРУ

# МугӀрул рехун тани, МагӀарулазул МагӀнаги биххула, Миллатги хола

**Школал къай – МагӀаруллъиялда къоно чӀвазе бокьаразул пиша**

**Шушаялдасанги гуро, Шураялдасанги гуро, МахӀачхъалаялдасан хабар бачӀун буго Дагъистаналда мактабал (школал) къайилан. Гьелъие гӀиллалъунги бихьизабун буго чӀегӀернатид буцараб улкаялъул гӀатӀал нахърател загӀиплъи. Россиялъул миллиардеразул лъималаздайин абуни «гьаб ракъараб заман» рагӀулебго гьечӀо, щвара-щваралъубе гӀарацги хьан, гьелъухъ ясазда квартI-квартӀазда ретӀел бахъизабулел руго гьел гавурал.**

Пачалихъ ккурал хӀубазул цояб ккола лъайкьей. Цогояб пачалихъияб экзамен (ЕГЭ) бацӀцӀадго кьеялъе мадараб хӀалтӀи гьабуна ахирал соназда Дагъистаналда. Гьанже цӀалдохъабаздаги гьезул умумуздаги бичӀчӀизе байбихьана, гьанисан-добасан «кумек» щвеялде хьулгун, ЕГЭялде ине бегьулареблъи. Гьеб ккола нилъер букӀинесеб гӀелалъул къисматалъул суал. Чара гьечӀого кӀудияб кӀваралъул масъала.

Амма жакъа Дагъистаналда бильълъанхъизабулеб бугеб сиясаталъул (политикаялъул) ункъабго бокӀон битӀараб бугин, киналго рахъал лъикӀ церетӀолел ругилан абизе рес гьечӀо. ГьацӀулъ хӀеги хӀанилъ расги камуларилан абулярищха магӀарулаз. Инхоса ГӀали-хӀажиясул гӀужилал, гӀакъилал, сипатиял рагӀабаздалъун рехсани: «Бищун дун пашманлъулеб щиб жойилан абуни, ГьацӀул хьабаялъубе хъубльи ккун бати буго».

Мискинхалкьалъул ургъел гьабулел чагӀи ругизего ругодайилан кколеб буго. ГӀадатияв чиясул чехьалда рачел дугъдазабизе ртулел руго киналго. Дун гьитӀинаб заманалда школазе биччараб Россиялъул тарихалъул тӀехьалда «эркен гьаруралилан» рикӀкӀунел рекьарухъабазул цояв вахъун вукӀана суратлада, цояб хӀетӀе жиндирго хуриб чӀун, цогидаб кодобеги босун, кӀиабилеб хӀетӀе лъезе бакӀ гьечӀеб ракьул кесек гурони щвечӀольиялъ. Жакъаги харги гӀадатияв инсан гьебго «хӀанчӀилаб чӀеялда» тун вуго.

«Гьобол вачӀаниги, хьолеб, гьудул вачӀаниги, хьолеб, Пакъир - чахъу, мискин - чахъу», - абун хьвана ЩӀадаса Расулица. Гьелъухъего, цӀи-цӀияб магьалоги лъолеб буго кьварун вакъварав пуланасда, гьаниса дове витӀун, довасса лъове витӀун, тӀадчагӀаз футболги хӀалеб буго гьесул, гьвеца – гьведа, гьвеца – рачӀчӀалдаян абухъего, цоцазде тӀамун, ритӀухълъи батизе рес толеб гьечӀо чиясе.

Щибаб улка, шагьар, росу ккураб цо-цо бакӀ, идара, рахъ, магӀишат букӀуна. Масала, Россия ва СагӀудия руго чӀегӀернартаlъ хьихьун. Шагьарал хьихьарал заводалги рукӀуна. Вахъун цо данделъиялда цо хӀаракатчияс абуна гьединаб куцалда росу ккураб идара школа бугилан. МагӀаруллъиялъул суал цебе бахъани, гьеб пикру цӀакъго битӀараб бугилан ккола.

Школалъ, лъималазе лъайгун тарбия кьеялъул масъала гуребги, тӀубалеб буго чӀахӀиязе хӀалтӀизе бакӀал рукӀинариялъул суалги. Вузаздаги цӀалун, гьеб школалда дарсал кьезе руссине рес буго гӀолилазул. Хьаравуллъун, цӀадухъанлъун ва цогидалги хъулухъазде чи вокьизе ресги хутӀулеб буго. ХӀисаб гьабе гьоркьохъеб яги гьитӀинаб магӀарул росулъ школа къани, щиб ккезе бугебали. Россиялъул цо-цо регионазда ругел мошогьарал абулел бакӀал гӀадин, минабазда жаниб гьури пулел чӀваданал лъугьуна кьокьаб заманалда жаниб гьединал росабазул. Абухъего, магӀарулазул бокьобе гӀазу бала, гьеб сиясатлада гьоркь гьулбасана.

БитӀараб тӀалаб ккола лъайкьеялъул рахъалда гӀадлу букӀине бокьи, цӀалдохъабазулги учительзабазулги лъаялъул даража борхизабиялда тӀад хӀалтӀи. Амма гьанжесеб лъайкьеялъул мина тӀатӀале биччаялъ жеги цӀикӀкӀун зарал кьелилан ккола. Революцияз нилъ лъикӀалде рачинчӀо, эволюция хӀажат буго.

МагӀарул росу ккола магӀаруллъиялъул ицц. МагӀарул росу гьечӀони, магӀарул мацӀги букӀунаро, магӀарул миллатги букӀунаро. МагӀарухъа гӀадамал гочинариялде гьел гьесизарулеб цониги гали тӀамизе бегьуларо (хасго тӀадчагӀаз), цониги рагӀи абизе бегьуларо. МугӀрулги магӀарул росуги цӀуничӀони, нилъер магӀарул халкъалда хвалилаб цӀа рекӀуна.

**Sapienti sat.**

БАРКИ

Гумбет районалъул почтаялъул киналго хӀалтӀухъабазда ракӀ-ракӀалъ баркула гьезул махщалилаб байрам - Россиялъул почтаялъул къо. Гьарула щивасе сахлъи, рохел, хӀалтӀулъ бергьенлъаби, халатаб гӀумру, икъбал-талихӀ.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀер МухӀамадгӀали МухӀамадгӀалиев, районалъул администрациялъул бетӀер ГӀабдулахӀажи ГӀабдулкъадиров**

# Почтовый кагътиде керенги чучун…

**(Авал-тӀоцебесеб гьум.)**

Данухъ росулъ 2002 соналдаса хӀалтӀулей почтальон Асият ГӀамирхановалъ хӀаракат бахъула батӀи-батӀияб басмаби, хасго бакълъулазул «Гумбет» газета,



бачӀинахъего тӀубараб лъагӀалие хъваялъе хӀалтӀи гьабизе. Подписка гьаби лъикӀ тӀубазе, газетал, журналал гӀадамазухъе жиндир заманалда щвезаризе хӀаракат бахъула кьогоялдаса цӀикӀкӀун сональ хӀалтӀулей йигей ЛъаратӀа росулъа почтальон Парида МухӀамадовалъги. Учреждениябаз, гӀуцӀабаз басмаби хъвай Данухъ, МелъелтӀа, ЦӀилиkь росабалъ лъикӀ тӀобитӀула. Жиндир заманалда гӀарацги кьола. Хасго бецщиел хӀалалда басмаби хъвай гӀуцӀула ЦӀиликь гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев МухӀамадгӀали Гьазгереевас.

Подписка гьабулаго, отделениялъул хӀалтӀухъабазда кваккалал дандчӀвачӀого хутӀуларо. Газетазул, журналазул багьаби хиралъи гуребги, гӀадамаз интернеталдаса пайда босулеб буго гьанже. Интернеталдасан цӀиял харбалги лъалел руго, гьенисан газеталги цӀалулел руго, гьеб гӀиллаялдалъун басмаби хъвавачӀого толелги камулел гьечӀо.

## Пенсиял, пособиял, субсидиял, гӀакӀаби…

Отделениялдасан кьола полициялъул хӀалтӀухъабазе пенсиял, лъималазул пособие, ЕДВ, лъагӀелгун бащдаб базегӀан лъимадуе хъулухъ гьабуразе гӀарац, субсидиялъул, ЖКУялъул гӀарац. Босула бухӀараб электроэнергиялъухъ гӀарац. Къабул гьабула ГИБДДялъ тӀадлъурал, гьединго жанисел ишазул отделалъул инспекторскиял ва цогидалги гӀакӀаби.

## СапарчагӀазе – «Форсаж» программа

ГӀадамазе рес буго мобильниял телефоназде МелъелтӀа почалъул отделениялдасан, цо процент гурони гьоркь ккечӀого, гӀарац рехизе. Россиялъул шагьараздегун росабалъе, къватӀисел пачалихъазде гӀарац битӀизе (перевод) къваригӀун бугони, лъун буго «Форсаж» абулеб хасаб программа, гьебсагӀаталдего гӀарац бокьараб бакӀалде щвезабулеб.

Самолеталда, поездалда рекӀун, сапар гьабизе хӀисабалде босаразул рес буго 1-2 моцӀ цебеккун билетазе заказ кьезе. ЛъикӀаланго учуз чӀола, гьедин гьабуни, авиа ва маххул нухлул билетал. Гьелъие программабиги лъун руго. Почалъул отделениялде рачӀине бегьула сапаралде рахъине ракӀалда бугел. Цадахъ босизе ккола паспорт; лъимер сапаралъ бачунеб бугони, гьезул свидетельствабиги (жеги паспорт босизе гӀечӀез). Гьедин вачӀарасухъе кьола гӀарац лъей баян гьабулеб квитанция. Гьебги босун, сапаралъ вахъунев вокзалалде, аэропорталде уна.

## МелъелтӀа почалъул отделениялъе – цӀияб мина

МелъелтӀа почалъул отделениялъе цӀияб мина балеб буго басрияб минаялда аскӀобго. Гьеб ригь балеб буго Федералияб почтовияб бухьеналъул Дагъистан Республикаялъул управлениялъул директор УхӀума Хъарагишиевасул хӀаракаталдалъун. Исана хасалихьеялде ниж гӀатӀидал, санагӀатал рукъзабахъе рахьинаризе ругилан абулеб буго гьес.

ГӀадамазе хъулухъалъе ниж хӀалтӀула, гьатӀан кьоялъ хутӀизегӀан. Шамат кьоялъ хӀалтӀула сагӀат 16:00 тӀубазегӀан, цогидал кьояз радал 8:00 тӀубаралдаса къаси 18:00 тӀубазегӀан. Бухьеналъул хӀалтӀухъабаз гьабулеб хӀалтӀулъ гӀоларел рахъал ругони, нижехъе рачӀаянги абизе бокьун бугилан лъугӀизабуна кьокьабго накъит АлхӀанат МухӀамадовалъ.

**Гара-чӀварана**
**Къурмагъиз ХӀадисова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# ЛъаратӀа: кӀалкквеялъ сахлъи щула гьабула



**ЛъаратӀа росдал библиотекаялда тӀобитӀана, кӀалккул моцӀ кӀодо гьабун, руччабазул данделъи. Гьенире рачӀун рукӀана яслиахалъул, маданиаталъул хӀалтӀухъаби ва цогидал росуцоял.**

Мажгиталъул будун Мухтар НурмухӀамадовас гьабуна «КӀалкквеялъ чорхол сахлъи лъикӀлъизабула» абураб темаялда гара-чӀвари. Данделъиялда гӀахьаллъараз НурмухӀамадовасе суалал кьуна, гьес гьезие жавабалги кьуна.

ИНХОСА ГӀАЛИ-ХӀАЖИЯС 170 СОН ТӀУБАЯЛДЕ

# ГӀакълудал ралъад

**ЛъаратӀа библиотекаялда хӀадурлъи гьабулеб буго Инхоса ГӀали-хӀажи гьавуралдаса 170 сон тӀубаялъул юбилеялде.**

ГӀуцӀун буго «ГӀалимги шагӀирги» абураб темаялда тӀахьазул выставка. Гьенир лъун руго ГӀали-хӀажиясул тӀахьалги. ХӀадурун руго «ГӀакълудал ралъад» абураб альбом ва стенд.

**Барият ГӀалиева**

ГӀАКӀА АХӀУЛЕБ БУГО

# ХӀисабалъул роолаб школа

**2015 соналъул 26 июлалдаса 12 августалде щвезегӀан МелъелтӀа бугеб пагьмуяб лъималазул школа-интернаталда цебе, МахӀачхъалаялъул «Хьул» («Надежда») цӀалул централъгун цадахъ хӀалтӀизе биччазе буго роолаб хӀисаб гӀелмуялъул школа.**

Гьенир цӀализе руго МахӀачхъала, Дербент, Гьизляр, Каспийск шагьаразул ва нилъер районалъул 5 - 7 классазул лъимал. Гьезие дарсал кьезе руго МахӀачхъалаялдаса преподавателаз. Лъималазе букӀине буго лъикӀаб квен, пайдаял дарсал, сапарал, рекӀелгъеялъул хӀаял, релъеда цӀадухъ накъитал.

Лъимал гьенире ритӀизе бокьарал умумуз ахӀизе бегьула гьаб номералда: 8928 530 78 90.

**МелъелтӀа ШИОД**

ГӀАКӀА АХӀУЛЕБ БУГО

**Утерянный сертификат материнского капитала МК – 6 № 0347660, выданный отделом ПФР в Гумбетовском районе Республики Дагестан на имя Максудовой Унайзат Омаровны 14. 06. 2014 г., считать недействительным.**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Бакълъулазул генерал ГIабдусалам ГIабдусаламов

### Сахав солдатасул гурони генерал вахъунарила

**«БакIалъ гурев чи кIодо гьавулев…» гьедин абизе бегьула нилъер ракьцояв, 45 сон гIумрудул балелде генераллъун вахъарав МелъелтIаса ГIабдусаламов ГIабдусалам ГIалиевичасул хIакъалъулъ. Абула: «Сахав солдатасул гурони генерал вахъунаро», - ян. Гьединаб кIудияб цIаралъе мустахIикълъана, жиндирго букIараб анищги тIубазабун, ГIабдусалам ГIабдусаламов.**

1985 сонална МелъелтIа гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, ГIабдусалам ГIабдусаламов цIалана Хасавюрталъул педучилищеялъул физкультураялъул отделениялда. 1988 соналда багIараб дипломалда гьебги лъугIизабун, хIалтIана гIагараб школалда физкультура кьолев учительлъун. Гьенисан ГIабдусаламов ана Советияб Армиялде хъулухъ гьабизе, гIорхьаби цIунулезул аскаралде.

Хадуб, Россиялъул ФСБ-ялъул Академияги лъугIизабун, хIалтIана гIадлу-низам цIуниялъул органазда: Дагъистаналда, Карачаево-Черкесиялда, Ставрополь краялда. Жакъа къоялда, генераласул цIарги щун, ГIабдусаламовас хъулухъ гьабулеб буго Москваялда. Щвана гьесие гIемерал шапакъаталги.

РакI-ракIалъ баркула ГIабдусалам ГIабдусаламовасда тIадегIанаб цIар ва щварал шапакъатал. Аллагьас тIадеги цIикIкIинареги гьел.

Дур тIадегIанал цIвабзаца дагьабги гвангъизабеги гIагараб росу, бакълъулазул тIалъи, Дагъистан ва тIолабго Россия. Кьеги дуе сахлъи,



сахаватлъигун бажари, талихI, хадатаб гIумру. Даимаб рецц ва халкъалъулго баркала, мун гIезавун, дуе тарбия кьурал эбел-инсуеги.

Гьадин хъвалеб буго цадахъ хъулухъ гьабулев гьудулас гьесухъе:

Абдусалам! Ты сын аварский…. Земляк Великого Расула. Мечтал ли, в званьи генеральском, Идти по улицам аула? Своей судьбы ты пишешь повесть. Тобой гордятся сын и дочки…. Ты для всего народа – совесть! Таким и будь - до крайней точки.

ГIабдусалам ГIабдусаламов ккола бакълъулазул ракьалда вахъарав лъабабилев генерал.

**Рамазан ГIабдурахIманов**

БАЗАР КИН БУКIИНЕБ, НИЗАМ БУГОНИ

# ЖамагIаталъ жаваб кьола щивасул рахъалъ

### Аргъваниб участковияв уполномоченнияс хIисаб кьуна

**Аргъвани росдал гIадамазе полициялъул участковияв уполномоченнияс гьабураб хIалтIул хIисаб кьеялъул данделъи тIобитIана. ДандчIваялда гIахьаллъана Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев, жанисеб хъулухъалъул подполковник Сайпудин МухIамадгIалиев, участковияб хъулухъалъул нухмалъулев, полициялъул майор УхIумагIали Загьидов, кIудияв участковияв уполномоченный, полициялъул майор Мухтар ГIабдурахIманов, балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспектор, полициялъул кIудияв лейтенант МухIамад ХIусейнов ва цогидалги.**

УхIумагIали Загьидовас ва МухIамад ХIусейновас гьенир гIахьаллъаразда бицана Россиялъул МВДялъ 2012 соналъул 31 декабралда хъвараб 1166 буюрухъалда рекъон, участковияв уполномоченнияс гIадамазе хIисаб кьолеблъиялъул, дандчIваял тIоритIани, гIадлу-низам хвезабиял ккечIого рукIиналъе квербакъи щолеблъиялъул.

ХIисаб кьеялъул кIалъаялда участковияв уполномоченный Мухтар ГIабдурахIмановас бицана 2015 соналъул тIоцебесеб бащдаб лъагIелалъ гьабураб хIалтIул, гIадлу-низам цIуниялъул бугеб хIалалъул, такъсир тIатинабиялъул, росулъ батIи-батIиял тадбирал тIоритIулаго, хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул, гIадамал тIаде къабул гьарун, гьез рорхарал суалазда хурхун гьарурал хIукмабазул ва цогидабги.

ЖамгIияб хIинкъигьечIолъи букIинабиялъул, гIадлу-низам цIуниялъул, гIадлу хвезабиял, такъсирал рагьиялъул ва цIехрех гьабиялъул рахъалъ кIудияв участковияв уполномоченный, полициялъул майор Мухтар ГIабдурахIмановасул хIалтIи гIей гьабулеблъун рикIкIана.

Хадуб ОУУПалъул ва ПДНалъул нухмалъулес Аргъвани росдал гIадамазулгун дандбана росдал ракьалде такъсир гьабиялде гьетIи бугел гIадамал рачIиналдаса цIуниялъе гьабулеб цадахъаб хIалтIул хIакъалъулъ суал. Бицана Гумбет районалда, Дагъистаналда, гьеб бахун кьватIибехун бугеб жамгIиябгун политикияб ахIвал-хIалалъул, экстремизм щиб кколебали, гьелда данде цадахъ лъугьун кьеркьезе ккеялъул. Абуна гIолилал хехго кколин экстремизмалда гьоркьоре, гьединлъидал эбел-инсуца ва росдал чIахIияб гIелалъ лъималазе тарбия кьей жавабчилъиялда тIубазабизе кколин, ай квешлъабазда гьел цIунулеб хIалалъ.

Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Сайпудин МухIамадгIалиевас жиндирго кIалъаялда абуна жидерго лъималазе лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьеялде, республикаялъул цIалул заведениязда, гьеб тун кьватIирехун цIалулезда хадуб хьаравуллъи кквезе хIажат бугин.

Гьес данделъиялда гIахьаллъарал киналго ахIана ракълида, цоцалъ адабхIатиралда рукIиналде, унго-унгояб исламалъул нухда хьвада-чIвадиялде, жамгIияталда гьоркьоб гIадлу-низам цIуниялде, законалъул тIалабал тIуразариялде.

**«Гумбет» РИО**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ...
КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ - 70 СОН

# Къункърабазул конференция

### Муса Расуловасул «Бакълъулал къункърабазул тIелалъулъ» абураб тIехьалда тIасан пикраби

**Муса Расуловасул «Бакълъулал къункърабазул тIелалъулъ» абураб тIехь кьватIибе бачIана гьоркьиса. Сахрат МухIамадовасул цIаралда бугеб аслияб школалъул учительзабазе ва цIалдохъабазе гьеб тIехь цIакъго хIажатаблъун, бокьулеблъун лъугьана ва гьелъие лъикIаб къимат кьуна.**

Киназего гьеб тIехь бокьиялъе гIиллалъунги ккола гьеб бичIчIулеб мацIалда хъван букIин, хIакъикъиял материаланздалъун ва суратаздалъун хьезабун букIин. ТIехь цIалидал, бичIчIула ветераназдехун Муса Расуловасул бугеб адаб-хIурмат, гьес гьезул гьабулеб къимат.

8 классалъул цIалдохъабазул гьеб тIехьалда тIасан цIалдолезул конференция тIобитIана дица. Лъималазда кодор рукIана ветераназул суратал, рагъул хIакъалъулъ мухъал хъварал плакатал. ЦIалдохъаби лъикI хIадурун рукIана конференциялде. ГIенеккаразе гьеб бокьана.

Бокьун буго диргоги цIалдохъабазулги рахъалдасан, районалъул «Гумбет» газета ва МелъелтIа аслияб школа гьоркьоб ккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе Муса Расуловасе. Гьаризе гьесие ва гьесул хъизан Макка




Асадулаевнаялъе гьадинал магIна гьваридал, гIадамазе пайдаял тIахьал кьватIире риччаze щулияб сахлъиги гIемерал гIумрудул соналги.

**Кайпазат Къадиева, МелъелтIа аслияб школалъул мугIалим**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ

# Киокусинкаялъул чIегIераб рачлил бетIергьан

### ЧIикьа МахIмуд МухIамадовасул къебелъухъ

**ЧIикь росулъа МахIмуд МухIамадов ккола каратэ-доялъул рахъалъ Дагъистаналъул (1990 с.) ва Россиялъул чемпион (1992), ушу-саньдаялъул рахъалъ Россиялъул чемпион (1998), киокусинкаялъул кIиго даналъул (чIегIераб рачлил) бетIергьан, машгьурав кореяв Эрикица куцарав спортсмен. Гьес ругьун гьарурал лъимал рахъана Дагъистаналъул ва Россиялъул чемпионаллъун, халкъазда гьоркьосел къецазул (кумитэязул рахъалъ) призераллъун.**

МахIмуд МухIамадовас гьабсагIат киокусинкаялъе ругьун гьарулеб, тарбия кьолеб буго 25 спортсменасе, хIадурлъи тIобитIулеб буго гьоркьоса къотIичIого. «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъанасулгун гара-чIвариялда МахIмуд МухIамадовас гьадин бицана: - Дагъаб цебегIан Гъизилюрталда гьитIинаб ригьалъул лъималазда гьоркьор тIоритIарал къецазда нилъер спортсменазе щвана кIиго лъабабилеб бакI - МухIамад Абакаровасе ва МахIач МухIамадовасе. БавтугъаялдатIоритIарал къецазда юниоразда гьоркьоб МухIамад ХIамидовасе щвана тIоцебесеб бакI, Шамил ГIабасовасе - лъабабилеб. Нилъер спортсменал бергьана Дагъистаналъул республикаялъулал къецазда. ЧIахIиязда гьоркьоб гьелго къецазда тIоцебесеб бакI щвана МухIамад Маликовасе, кIиабилеб бакI - МухIамад Халидовасе, лъабабилел бакIал щвана Шамил ЖабрагIиловасе ва ХIажимурад Манаповасе. Къецал тIоритIана МахIачхъалаялда.

Лъимал ругьун гьаризе гьенир гIуцIун ругоан гIезегIан лъикIал шартIал. МахIмуд МухIамадовас бицана ТIад Инхо росдал администрациялъул бетIер МухтарахIмад МухIамадовас, МелъелтIа ДЮСШялъул директор Барти Астемировас ва районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул, туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурмухIамад МухIамадовас жидее кIудияб кумекги квербакъиги гьабулилан - сурсатаздалъунги цогидаб кинабго рахъалъанги.

Гьеб къоялъ спортсменазухъе гьоболлъунхъе ячIана ТIад Инхо росдал маданияб централъул нухмалъулей ПатIимат МухIамадова. Лъималги данде гьарун, гьелъ бицана наркотиказул инсанасе бугеб заралалъул, хасго гIисинал гIолохъаби гьелдаса цIунизе ккеялъул. Гьениб МахIмуд МухIамадовасги бицана наркоманиялъулги экстремизмалъулги зияналъул ва гьел квешлъабазда данде жидецаго гьабулеб кьеркьеялъул.

ПатIимат МухIамадовалъ киназдаго баркана къецазда росарал бергьенлъаби, гьарана сахлъи-рохел.

**Исрапил Заирбегов**

ЧАН ЗАРАЛАБ ЖО БУГЕБ...

# Хъалиян - загърабазул цIураб къвачIа

### Инфаркт, онкология, никотиналъул стенокардия, гангрена ...– танхьил балагьал

**Аллагьасе тIагIат гьабизеги халкъалъе пайда гьабизеги санагIалъи букIине, кинавго бусурбанчиясда тIадаб буго жиндирго сахлъи цIунизе, гьединлъидал, нилъее хIарам гьабун буго черхалъул сахлъиялъе зарал гьабулебщинаб жо. Гьединал квешлъабазул цояб ккола хъалиян цIайги.**

Гьаб макъалаялда рехсолеб буго медицинаялъул гIелмуялъ хъалияналъул бугеб зараралъул хIакъалъулъ тIатинабунщинаб жо. Цересел гIалимзабаз абулеб буго, гIумру халатаб букIине ккани, нилъецаго гьеб къокъ гьабизе бегьуларилан. ГIумру къокъ гьабиялъул рахъалъ бищун цебесеб бакI кколеб буго хъалиян цIаялъ.

ЦIар рагIарав медицинаялъул гIалимчи С. Г. Боткиница хвалда цебе абун буго, жиндица хъалиян цIалареб букIарабани, жеги тIадеги 10-15 сон гIумруялъул базе бегьулааанилан. Статистикаялъ бихьизабулеб буго гьоркьохъеб къагIидаялда хъалиян цIалесул гIумру 9 соналъ цIаларесулалдаса къокъаб бугилан. Гьедин кIудияб, бицун хIалкIолареб зарал бугониги, гIемерисез гьелъие кколеб квешаб къимат кьолеб гьечIо, ва хъалиян цIалезул къадар дунялалдаго, цIикIкIун гурони, дагьлъулеб гьечIо. Цюрихалъул университеталъул хIалтIухъабаз 1965 соналъго хъвалеб букIана: - Нусго соналъ цебе букIана масъала «Тамахьу ва руччаби» абураб, 50 соналъ цебе «Тамахьу ва гIолилал» абураб, гьабсагIаталда бищун аслияблъун ккола «Тамахьу ва лъимал» абураб. Гьелдаса нахъе чанго сон аниги, гьебго къагIидаялъ лъималаз хъалиян цIай хутIулеб буго аслияб кIваралъул суаллъун.

Цо заманалда, цIакъго цебе, хъалиян цIай щибго зарал гьечIеб жолъун рикIкIунеб букIун буго. Дагь-дагьккун гьеб кутакалда зарал цIикIкIараб загьру букIин чIезабун буго, гьелда гъорлъ никотин абураб загьру батун буго. Гьелъ къаркъалаялъе зарал гьабула дагь-дагьккун ва гьеб загьирлъула, чанго сон индал. ГIадамас 45-50 сон бараб мехалда, черхалъе нилъго цIунизе кьурал хасал жанисел къуватал (иммунная система) нахъ рекула, ва лъазе байбихьула хъалияналъ гьабулеб зарал.

Никотин абулеб загьру аслияб къагIидаялда бидулъе уна гъуърузулъан. Гьелъ зарал гьабула ракIалъе ва киналго бидурихьазе; гъуърузе ва гьелъул мащабазе, нервабазе, кванирукъалъе ва эндокринияб системаялъе. Хъалиян цIаларев чиясул бидулъе цо граммалъул азарго бутIа никотиналъул биччани, гьев чи хвезе бегьула. Нужецаго халгьабеха кигIан заралияб жо хъалиян цIай кколебали. Никотин гуребги, цоги чанго квешал, зарал цIикIкIарал веществабиги ратун руго хъалияналъул кIкIуялда гъорлъ: синильная кислота, окись углерода ва цогидалги. Гьединго батун буго рак унти ккезабулеб бензопирен абулеб загьруги. Гьелда гъорлъ ругел заралиял жалаз кIудияб зарал гьабула ракIалъе, бидурихьазе, гIададнахалъе, бидурихьал данде къала, борхула бидул давление. РакI унтараз, бидул давление бугез, атеросклерозалъ унтараз я хъалиян цIазе бегьулаpо, я цIалезда аскIор чIезецин лъикIаб гьечIо. Хъалиян цIалев чи хIалтIи гьабулаго хехго свакала, халат заманаялъ хIалтIун гьесухъа бажаруларо, бетIер унтула, хIатIал, бохдул рахъун рачIунаро, ракIалда хIунсула. РекIел хасаб унти буго, никотиновая стенокардия абураб, гьеб ккола инфаркталда цебесеб стадиялъул унти. Инфаркт буго, рекIелъги хIунсун, чи холеб унти, гьеб хъалиян цIалезул 12 нухалъ цIикIкIараб буго цIаларезулалдаса. Гьелдаго цадахъ, тIадехун бицухъе, бохдузул бидурихьалги данде къазарула ва эндартрит абураб унти ккезе бегьула хъалияналъ. Кидаго бидурихьал дандекъан рукIиналъ, щвезе кколеб бакIалде би щоларо, нервабазулги, бидурихьазулги клеткаби хола ва хIетIеялда тури речIчIула (гангрена абураб унти). Гьеб унти сахгьабизе бох къотIизе ккола, цоги дарабаз гьелъие кумек гьабуларо.

Хъалиян цIалес нилъеего бацIцIадаб гьава жанибе цIазе кьурал гъуърул гIаксалда хIалтIизе гьарула, гьединлъидал, кинабго бакIалде кислород щоларо, гъуърузул мащаби нилъее бокьухъе хIалтIуларо, гьезги гIамал хисула, къватIибе бачIине кколебщинаб бачIунаро, ва гьезул байбихьула я жанибе, яги къватIибе хIухьел захIмат гурони бачIунареб бронхит абулеб унти. Статистикаялъ гьабураб анализалъ чIезабун буго, гъуърузул рак бугезул 95 % хъалиян цIалезул бугилан.

Гьединго хъалияналъ зарал гьабула кванирукъалъе, бакьазе, кванде гьира гIодобе ккезабула, кIал кьогI гьабула, риххел, лагIи гIадал татубахъиял ккола, ахирги дагь-дагь ккун кванирукъалъул язваялде, чIегIербакьалъул унтабазде рачуна. Хъалиян цIалезда гъорлъ кванирукъалъул язва 10 нухалъ цIикIкIараб буго ва 18 нухалъ букIуна тIадбуссин (обострение), цIаларезда данде ккун. Бищунго квешаблъун рикIкIуна радал вахъарабго кваначIого хъалиян цIай. Хъалиян цIалесул чорхолъ «С» витаминалъул къадар гIодобе ккараб букIуна, бищун нилъее къваригIунелъул цояблъун кколеб, ва гьелдалъун хIалтIи нахълъула гIадалнахалъул, ургьисазул, тIулалъул ва надпочечниказул (кинабго черхалъул система бачунеб лага ккола гьеб). Цо цIараб сигареталъ чорхолъ витамин «С» дагьлъула 25 миллиграммалъ, гьеб ккола цо апельсиналда гъорлъ букIунебгIанасеб къадар. Никотиналъ нахълъизабула ракIалда жо чIей, цIикIкIинабула беразул давление (глаукома). Хъалиян цIалеб мехалъ 50 % никотиналъул хутIула къватIиб гьаваялда гъорлъ, гьединлъидал гьелъул кIудияб зарал буго цIалесда аскIор ругезеги.

Хъалиян цIалесда аскIор ругезул ургъелцин кколаро, цо-цояз гIисинал лъимал ругеб бакIалдагицин цIала. Л. Н. Толстояс хъвалеб буго хъалиян цIай таралдаса жив батIияв чи лъугьанила: щуго сагIаталъ гIодов чIун хIалтIизе, хъвадаризе кIванила, радал вахъиндал, черх гIажаибго тIадагь батулила, свак, бетIер свери, бетIералда жаниб накIкI бугеб гIадаб хасиятал кире аралали лъачIого тIагIанила. Халгьабураб мехалъ, хъалиян цIани, зарал гьабулареб цониги лага гьечIо, гьединлъидал гьелде данда рагъ базе ккола киназго.

Хъалиян цIай тезе ккола циндаго, гьеб тезе бокьуларез ратула батIи-батIияв гIиллаби. Цо профессорас абулеб буго, хъалиян тезе бокьарас тIубазе кколилаункъо шартI:

1. Гьабизе ккола унго-унгояб ният, хIукму хъалиян цIай тезе;
2. Тезе ракIалде ккарасда лъазе ккола гьелъ черхалъул лугбазе гьабулебщинаб зарал;
3. ТIаса бищизе ккола заман, яги отпускалде индал, яги унтидал, яги кIал кколеб рамазан моцI.
4. Гьесие кумек гьабизе ккола цадахъ хIалтIулез ва рукъалъул агьлуялъ. Хъалиян тарасда бичIчIизе ккола, гьеб тунилан, гьесие сахлъиялъе щибго зарал кколареблъи, тIоцебе 7 -10 къоялъ яги моцIалъ гьев вукIуна цо жо камурав чигIадин, хадуб къо бахъанагIан гьесда бичIчIула жив битIараб нухда вукIин, гьесул гIакълу камиллъула, хIалтIуде цIикIкIараб гьира бала, гьесул лъугьуна унго-унгояв, Аллагьасе бацIцIадаб тIагIатги гьабулев, халкъалъе пайдаги бугев бусурбанчи, гьелде тIадеги - тIокIлъула кодоб гъурущ, рукъалъе ва лъимал-хъизаналъе къваригIараб босизе.

ГIадамасе гIумру кьун буго халатаб гуреб, рачIа нилъго лъугьун гьеб къокъ гьабичIого тезе, заманаялъул къиматги гьабизе, гIадада биччачIого.

**МухтарахIмад СагIидов,**
**Гъоркь Инхо участкаялъулаб больницаялъул бетIерав тохтур**

---

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

## Тарифы для села

Гумбетовское отделение ОАО «ДЭСК» информирует население Гумбетовского района о том, что, в соответствии с Постановлением Республиканской службы по тарифам Республики Дагестан № 6 от 31 марта 2015 года «Об установлении цен (тарифов) на электрическую энергию для населения и приравненным к нему категориям потребителей по Республике Дагестан на 2015 год», установлен одноставочный тариф за электрическую энергию для населения, проживающего в сельских населенных пунктах в размере 1,56 руб./кВтч.

Тарифы на II полугодие 2015 года применяются к объему электроэнергии, потребленной с 01.07.2015 года по 31.12.2015 года.

**Асадула Умардибиров,**
**начальник Гумбетовского отделения ОАО «ДЭСК»**

---

ЗИГАРА БУГО

Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул заместитель СайгидахIмад АхIмадовасда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, **имгIал ХIажи** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Хварасе ахират лъикIаб кьун батаги. Амин.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиев, районалъул администрациялъул бетIер ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул ОГИБДДялъул нухмалъулев Расул Аххубеговасда гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, **эмен МухIамад** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас хварасе алжан насиб гьабеги. Амин.

**Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отдел**

БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1325
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.